



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/26/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÓ POU REBATI LITORAL POU REDWI NAN FASON KI ENPÒTAN MENAS EWOZYON KOTYÈ SOU FIRE ISLAND

20,000 yad kibik sab ap itilize pou bati mòn sab la epi pwoteje kominote yo nan Fire Island

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon efò konjwen eta-federal pou adrese ewozyon kotyè epi amelyore rezitans kotyè sou Fire Island nan Town of Islip. Grasa yon efò kolaboratif, Depatman Konsèvasyon Anviwonman ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik te garanti 20,000 yad kibik sab ki soti nan yon depo sab nan Robert Moses State Park pou bati yon mòn sab nan zòn preyokipasyon imedyat la.

“Pwojè sa ap ranfòse defans natirèl Fire Island pou pwoteje litoral li epi kenbe rezidan yo pi sen ak pi byen prepare pou pwochen aktivite move tan ekstrèm,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen remèsye tout nivo yo nan gouvènman paske yo te reponn rapidman a pwoblèm sa ansanm avèk èd yo nan bati yon kominote ki pi rezistan ak pi solid.”

“Pwoteje kominote kotyè yo kont risk inondasyon ak ewozyon se yon reponsabilite ke eta pran oserye, e mwen fyè pou m travay avèk US Army Corp of Engineers, State Parks ansanm avèk patnè lokal nou yo pou adrese reparasyon nesèsè sa yo nan Robin Rest,” **te deklare Komisyonè pa entèrim Basil Seggos, DEC.** “Pandanke etap entèrim sa ap ede pwoteje kont yon posib vyolasyon, mwen pa ka tann pou m travay avèk patnè sa yo kòm nap avanse solisyon alontèm pou amelyore rezistans kotyè atravè krik Fire Island jiska nan plan restorasyon kotyè Montauk Point.”

Angajman “Gouvènè Cuomo ak vizyon pou rebati New York pi byen, pi solid ak pi entelijan an repons a tanpèt vyolan sa yo nesèsè nan alafwa pwoteksyon imedyat ak alontèm pou kominote kotyè nou yo,” **te deklare Komisyonè State Parks Rose Harvey.** “Benefis rapid ak kowòdinasyon kolektif sa epi sèvi nou tout kòm nap kanpe ansanm pou fè fas a enpak chanjman nan klima.”

Konte Suffolk ak sèvis National Parks te rapòte ewozyon enpòtan nan plaj ak tanpèt ki lave nan zòn Kominote Robbins Rest. An repons, otorite eta yo ki soti nan Biwo Jesyon Ijans Eta New York ak Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York rapidman te mobilize pou evalye sityasyon an epi detèmine menas ewozyon pou koupe tranzit woutye sou yon kantite kominote nan Fire Island epi ekspoze kominote ki nan tè prensipal yo nan Long Island a yon ogmantasyon risk inondasyon si yon modès

Nor'easter oswa tanpèt kotyè ta frape.

20,000 yad kibik sab ke Depatman Konsèvasyon Anviwonman ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik te garanti y ap itilize l pou bati yon mòn sab tanporè nan zòn preyokipasyon imedyat yo. Daprè pwojè ankou US Army Corp of Engineers nan krik 'Fire Island pou rive nan Moriches, Kò a ap chaje epi transpòte sab la nan zòn vyolasyon frè depans konplè federal. Konte Suffolk ap bay tou yon bulldozè si USACE pa, deplase sab la jan li endike nan lokasyon Robbins Rest la. Kolektivman, aksyon sa ap redwi nan fason ki enpòtan risk yon posib vyolasyon epi pwoteje kominote yo nan Fires Island.

COL David Caldwell, kòmandan, Distri New York te deklare, "Travay avèk eta ak konte a, Army Corps of Engineers anmezi pou fè avanse delavan avèk reparasyon ijans sa pou adrese ewozyon enpòtan ki koze pa resan tanpèt yo nan Robbins Rest. Sa konfime tou bezwen pou solisyon alontèm sou Fire Island. Sa a se yon lòt gwo egzanp sou kijan yo te kenbe patenarya nan nivo lokal, eta ak federal pou ede rezoud pwoblèm yo. Nap rete tann pou n bay mezi rediksyon inondasyon anplis pou kominote a kounye a ak nan lavni egalman."

Senatè Phil Boyle te deklare, "Barrier Islands se premye liy defans nou pou kenbe oseyan ak anpeche inondasyon ak destriksyon tè prensipal. Li esansyèlman enpòtan ke yo pran tout mezi pou oseyan pa travèse e mwen konplimante Gouvènè a pou aksyon rapid li nan fè pwoblèm ki posibelman danjere sa vini yon reyalite."

Manm Asanble Joseph Saladino te deklare, "Plaj nou yo, Fire Island, ak anviwonman marine reprezante mak jenerozite Long Island. Kòm yon Manm Asanble ki tap defann anviwonman toutan, plaj ak lwazi anplennè, mwen apresye efò Gouvènè a epi konplimante angajman l anvè piblik la. Sa a se yon etap enpòtan nan direksyon yon rekipèrasyon konplè nan gwo tanpèt Sandy nan bay resous finansye ak jeni pèsònèl kap sipòte pwojè sa yo. Nou souliye enpòtans pou pran swen pou resous ak mèvèy Long Island. Yon fwa ankò Gouvènè a te reponn a apèl nou pou pwoteje rezidan nou yo kont pwochen tanpèt ak evènman mare a kap monte."

Egzekitif Konte Steve Bellone te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Cuomo ak Army Corps of Engineers ansanm avèk patnè lokal nou yo paske yo te garanti materyèl ki obligatwa pou adrese resan vyolasyon nan Robbins Res. Pwojè sa montre yon lòt egzanp kote efò kolaboratif nan nivo lokal, eta ak federal ka reponn rapidman a yon bezwen ijan pou pwoteje kominote nou yo."

Sipèvizè Vil Islip Angie Carpenter te deklare, "Nou rekonesan anpil pou efò Gouvènè a nan adrese pwoblèm ewozyon grav sa a. Sa a se yon etap pozitif delavan nan adrese ewozyon ki te koze pa resan tanpèt yo ki te gen yon enpak negatif sou Fire Island. Sa a non sèlman afekte rezidan yo nan Fire Island, men tou pou moun yo kap viv nan Long Island ki afekte negativman si gen yon vyolasyon nan baryè plaj nou yo. Mwen kontan paske otorite lokal, eta ak federal te rejwenn ansanm pou adrese entegrite mòn sab ak baryè a kap sèvi kòm yon premye liy defans pou tè prensipal la."

Aprè gwo tanpèt Sandy ansanm avèk lòt tanpèt kotyè adisyonèl, ewozyon kotyè nan twonson Fire Island te ogmante, poze yon menas enpòtan nan kominote yo nan Fire Island ak posib inondasyon kotyè sou tè prensipal Long Island. Eta ansanm avèk USACE ap travay rapidman pou avanse pwojè FIMI a, ak planifye pou mòn sab Fire Island pou rive nan pwojè rezistans Montauk Point pou plis ranfòse defans kotyè Long Island.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418